

# Fason pou Li Etikèt ki sou yon Dezenfektan

Li tout etikèt la.

Se etikèt la ki lwa a!

Remak: N ap jwenn anba a **egzanp** enfòmasyon nou kapab jwenn sou etikèt enfòmasyon an

**Engredyan Aktif:**  
Ki prensipal pwodui chimik dezenfektan?

**Nimewo Anrejistremant EPA:**  
Lwa Ameriken egzije pou tout dezenfektan yo anrejistre nan EPA.

**Fason pou Itilize I (Enstriksyon pou Itilize I):**

Ki kote nou dwe itilize dezenfektan an?

Ki jèm dezenfektan an tiye?

Sou ki kalite sifas nou kapab itilize dezenfektan an?

Kòman mwen kapab byen itilize dezenfektan an?

**Tan Kontak:**

Konbyen tan sifas la dwe rete imid pou tiye jèm nan?



**ENGREDYAN AKTIF:**

Alkyl (60% C14, 30% C16, 5% C12, 5% C18)

Dimethyl Benzyl Ammonium Chloride.....10.0%

**LÒT ENGREDYAN:**.....90.0%

**TOTAL:**.....100.0%

EPA REG NO. 55555-55-55555

## ATANSYON

### Fason pou Itilize

**ENSTRIKSYON POU UTILIZE:**

Se yon vyolasyon lwa Federal yo lè w itilize pwodui sa a yon fason ki pa koresponn avèk sa ki di nan etikèt la.

**Pou Dezenfeksyon Òganism Swen Sante yo:**

*Staphylococcus aureus,*  
*Pseudomonas aeruginosa.*

**Pou Dezenfekte Sifas Di epi ki Pa Gen Pò:**

Lave sifas lan anvan.

Ajoute yon solisyon ki pou dezenfekte avèk yon mòp oswa yon tòchon.

Kite solisyon imid la sou sifas la pandan omwen 10 minit.

Rense byen epi seche l nan espas deyò.

**KONSÈY PRIDANS:**

Danjere pou moun ak pou bèt domestik yo. Mete gan ak linèt pwoteksyon.

**LI LAKÒZ IRITASYON MODERE NAN ZYE** Evite kontak avèk zye, po oswa rad yo. Lave l avèk prekosyon avèk savon ak dlo apre w fin itilize l. Evite kontak avèk manje yo.

**PREMYE SWEN:** SI LI RANTRE AN KONTAK AK ZYE W: Kite zye w ouvè epi rense l dousman ak jantiman avèk dlo pandan 15 jiska 20 minit. Retire lantiy kontak yo, si li nesesè, apre 5 premye minit yo, apres kontinye rense zye w. SI LI RANTRE AN KONTAK AK PO W OSWA RAD OU YO: Retire rad ki kontamine yo. Rense po a tousuit avèk anpil dlo pandan 15 jiska 20 minit.

**KONTWÒL PWAZON:** Rele yon Sant Kontwòl Pwazon (1-866-366-5048) oswa yon doktè pou jwenn konsèy pou tretman.

**ESTOKAJ AK ELIMINASYON:** Konsève pwodui sa a nan yon espas ki fre ak sèk, epi ki lwen limyè solèy ak chalè a. Lè nou p ap itilize kite bouchon sa fèmen pou evite li pèdi imidite. Resipyan ki pa kapab replen. Pa itilize oswa replen resipyan an ankò.

**Mo Siyalizasyon (Fè Atansyon, Avètisman, Danje):**

Nan ki nivo dezenfektan riske nan ka kote moun ta vale l, respire l, oswa absòbe l atravè po a?

**Konsèy pou Pran Prekosyon:**

Kòman mwen kapab itilize dezenfektan sa a san danje? Èske m ap bezwen yon PPE?

**Premye Swen:**

Kisa mwen ta dwe fè si dezenfektan an ta rantre nan zye m oswa nan bouch mwen, nan po m, oswa mwen respire l?

**Estokaj ak Eliminasyon:**

Ki kote nou dwe itilize dezenfektan an? Ki kote mwen dwe jete dezenfektan ki ekspire yo? Kisa mwen dwe fè avèk resipyan an?



Depatman Ameriken pou Sante ak Sèvis Sosyal  
Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi



WWW.CDC.GOV/PROJECTFIRSTLINE